

TEKNOLOGI INFORMASI

= Sudi Yatmana =

*Endi sing luwih dhisik
teknologi informasi apa informasi teknologi
informasi teknologi apa teknologi informasi
mangkono uga
teknologi apa informasi
informasi apa teknologi*

*teknologi kuwi rak cara
cara wujuding cara asile cara
caracaraning cara babagan apa
lha yakuwi babagan nginformasikake informasi*

*Informasi rak asile to inform
lha sing diinformasikake apa
lha yakuwi teknologine teknologi*

*Lha wong lorolorone kuwi manunggal
iya cara iya makna
percumah ana carane ora ana maknane
arep apa ana makna ora ana cara
kabeh golek cara golek makna
kanggo nggagapi sesambungan
kang sambungsinambung lan kang pinuju angel
utawa ora sambung*

*Lha iki prakarane
Panjenengan kuwi sambung apa ora
Mula teknologi informasi
Prayoga bebarengan karo informasi teknologi
teknoinfo karo infotekno kuwi ora loro lho*

MATERI LOMBA GEGURITAN PILIHAN

Aku Nglukis ing Sayuta Langit

= Turiyo Ragilputra =

*Delengen aku nglukis in sayuta langit
Kebak warna abang sing cinipta saka getih jaman luput ngandhut
Banjur nindakake aborsi kanthi nguntal pil lintang
guguran getihe dakwadhahi genthong angen-angen kagelan
dene kuwase dakcipta nganggo rambut gunung njeblug
lan warna-warna endah liyane cinipta saka pecahan raga
nasib para glandhangan sing kasingkir merga impen
para pamuja patung adipura*

*O, kadang-kadangkmu sing ora nate bosen nyawang lukisan
delengen lukisanku ing sayuta langit kae
kebak akrilik mata nangis, tangan nyadhong, lan sandhangan
Pating sranthil!
warna-warnane banget naturalis awit dumadi saka nyawa-nyawa
sing pecat tanpa dosa*

Guru Kula Esdhe

= Sudi Yatmana =

*Guru kula esdhe
panjenengan punika alfatekah *) tumraping
gesang kula*

*ingkang mbabar ayatayat
ngantos dumuging jus tigang dasa*

*panjenengan punika pepajar
nalika kula wonten ing alam pepeteng
nalika piker dereng gumantha tumanggap ing swasana*

*panjenengan ndumuk hana caraka
wa jaya rana ana apa
sapa padha ana kana*

*sada siji ditambahi sada siji ana sada loro
ondheondhe telu dipangan ondheondhe loro kari
ondheondhe siji*

*manuk papat dibedhil kena siji
kari siji
sing telu mabur*

*mancing ana ing sawah ora oleh polisi
jebul oleh iwak*

*gajah ngidak endhog ora pecah
(jarene kancaku gajah kuwi sikile growah tengah
o, ambumu dhapurmu kancaku
kowe ora genah kowe ora salah
sing bener pak guru)
gajane ora pecah
kang pecah endhoge
ngreti kowe
(aja goblog, ya)*